



Konprann Tès Lp(a) a

1

Kisa lipopwoteyin(a) ye?


Lipopwoteyin(a), oswa Lp(a), se yon lipopwoteyin ki pote kolestewòl nan san w. **Nivo ou a presipalman ereditè**, epi lè li wo, li ka ogmante risk ou pou gen maladi kè ak estwòk **Anviwon 1 sou 5 moun gen yon nivo Lp(a) ki wo**, epi anpil kapab pa gen sentòm.

Kijan mwen ka fè tès la?

Yon tès kolestewòl nòmal (bilan lipid) pa mezire Lp(a). **Pou konnen nivo w, mande pwofesyonèl swen sante ou a pou fè yon tès Lp(a)**. Direktiv aktyèl yo rekòmande pou **chak granmoun fè yon tès Lp(a) omwen yon fwa nan lavi yo**. Tès la ka espesyalman enpòtan si ou gen:

- Antesedan familyal oswa pèsònèl pou maladi kè twò bonè (anvan 55 lane pou gason epi anvan 65 lane pou fanm)
- Antesedan familyal yo konnen pou Lp(a) ki elve
- Dyagnostik pou ipèkolestewolemi familyal (FH), yon maladi ereditè kote kèk moun ka fèt ak nivo LDL ki trè wo


2



3

Kisa rezilta mwen yo vle di?

Risk pou maladi kè ak estwòk depann de plizyè faktè, epi Lp(a) se youn ladan yo. Si nivo Lp(a) ou a se **125 nmol/L (50 mg/dL) oswa pi wo**, risk ou pou gen maladi kè ak estwòk ka ogmante epi si nivo w se **250 nmol/L (100 mg/dL) oswa pi wo**, risk ou ka double. Pwofesyonèl swen sante w la ka eksplike sa nivo ou vle di pou ou epi ede ou planifye pwochen etap yo.



4

Kijan mwen ka redui risk mwen?

Byenke chanjman nan mòdvi yo pa ka bese nivo Lp(a), li enpòtan pou bese risk jeneral ou pou maladi kè ak estwòk lè w:



Jere lòt faktè risk tankou kolestewòl, tansyon ak dyabèt



Suiv yon rejim ki bon pou kè w



Fè aktivite fizik regilye



Konsève yon pwa ki bon pou lasante



Evite pwodui ki gen tabak



Dòmi 7 jiska 9 èdtan chak jou pou yon somèy k ap repara w

5

Èske asirans sante mwen an ta ka kouvri tès Lp(a) a?

Pifò plan asirans kouvri tès sa a. Lè w rele pou verifye, mansyone **kòd CPT 83695 la**. Si plan w lan pa kouvri li, pwofesyonèl swen sante ou a ka ede w jwenn lòt opsyon tès ki pi abòdab.

Si nivo Lp(a) ou a wo, **depistaj an kaskad la** rekòmande. Sa vle di teste manm fanmi ki pi pwòch ou yo, tankou paran w yo, frè ak sè w yo, ak pitit ou, pou dekouvri si gen lòt moun ki ta ka gen risk.

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou a konsènan Lp(a) ak fason pou redui risk ou genyen pou fè maladi kè alavni ak estwòk. Aprann plis sou heart.org/Lpa (sitwèb an Anglè)